

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Géografis

Kabupatén Subang nya éta salasahiji wilayah di Tatar Sunda nu perenahna aya di posisi 107°31'- 107°59' Bujur Timur jeung 6°11'-6°49' Lintang Selatan. Lega wilayah kabupatén Subang nya éta 205.176,95 ha atawa 1.888.79 km². Kabupatén Subang téh lega wilayahna 6,43% ti legana wilayah Jawa Barat. Dumasar kana Undang-undang Nomor 4 tahun 1968 (Disbudpar kabupatén Subang, 2007: 2) wates kabupatén Subang nya éta:

- Beulah kidul: kabupatén Bandung Barat;
- Beulah kulon: kabupatén Purwakarta jeung kabupatén Karawang;
- Beulah wetan: kabupatén Sumedang jeung kabupatén Indramayu;
- Beulah kalér: Laut Jawa.

Kabupatén Subang miboga kapunjulan ku ayana tilu zona géografi jeung topografi, nya éta:

- 1) Dataran tinggi/ pagunungan luhurna 500-1.500 mdpl, anu lega wilayahna 20%;
- 2) Daratan anu luhurna nepi ka 50-500 meter, legana 34,85% wilayah;
- 3) Zona basisir jeung laut anu luhurna 0-50 meter, legana 45,15% wilayah (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 2).

Sacara alamiah wilayah kabupatén Subang bisa dipasing-pasing jadi tilu bagian wilayah nya éta:

- 1) Daérah basisir di belah kalér ngawengku Kec. Pamanukan 81,71 km², Kec. pusakanagara 103,52 km²; Kec. Ciasem 117,19 km²; Kec. Balanakan 97,15km²; Kec. Legonkulon 85,22 km²;
- 2) Daérah padataran di bagian tengah ngawengku Kec. Subang 54,67 km²; Kec. Kalijati 129,14 km²; Kec. Cikaum 92,80 km²; Kec. Cipeundeuy 111,14 km²; Kec. Purwadadi 87,89 km²; Kec. Pabuaran 99,51 km²; Kec. Patokbeusi 80,62 km²; Kec. Pagaden 82,94 km²; Kec. Cipunagara 100,73

km²; Kec. Comprang 68,66 km²; Kec. Binong 105,56 km²; jeung Kec. Cibogo 54,27 km²; jeung

- 3) Daérah pagunungan di beulah kidul ngawengku Kec. Cijambe 108,25 km²; Kec. Jalancagak 103,05 km²; Kec. Sagalaherang 102,24 km²; Kec. Cisalak 102,81 km²; jeung Kec. Tanjungsiang 82,69 km² (Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupatén Subang, 2007:3).

Nurutkeun Meinanda jeung Rudiono (2008: 8), Di Kabupatén Subang aya 30 Kecamatan nya éta Kec. Subang, Kec. Cijambe, Kec. Cibogo, Kec. Jalancagak, Kec. Serangpanjang, Kec. Sagalaherang, Kec. Cisalak, Kec. Kasomalang, Kec. Ciater, Kec. Tanjungsiang, Kec. Pagaden Barat, Kec. Pagaden, Kec. Binong, Kec. Comprang, Kec. Cipunagara, Kec. Pusanagara, Kec. Pamanukan, Kec. Legon Kulon, Kec. Blanakan, Kec. Ciasem, Kec. Patokbeusi, Kec. Pabuaran, Kec. Cikaum, Kec. Purwadadi, Kec. Kalijati, Kec. Cipeundeuy, jeung Kec. Dawuan.



Gambar 4.1 Peta Kabupaten Subang

Sacara umum wilayah kabupatén Subang ngabogaan iklim tropis anu *curah hujan* rata-rata per taun 1.593 mm anu rata-rata hujanna 91 poé. Iklim éta dirojong ku taneuh anu subur jeung loba walungan anu ngajadikeun daérah Subang cocog dipaké tatanén.

Rita Rahayu, 2013

Ajén Éstétika Kasenian Toléat Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Nulis Ésséy Di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.1.2 Kondisi Sosial, Budaya, jeung Ékonomi

3.1.2.1 Penduduk

Ti taun ka taun jumlah pendudukna ngalaman parobahan. Usaha pikeun ngatur ieu hal nya éta ngaliwatan program *Keluarga Berencana (KB)* jeung *transmigrasi*. Ngaliwatan éta hal tingkat tumuwuhna penduduk bisa dikurangan ti 1,91% per taun jadi 1,25%. Penduduk Kabupatén Subang taun 2008 (dina Meinanda jeung Rudiono, 2008: 15) aya 1.379.534 urang anu komposisina 698.077 lalaki jeung 681.457 awéwé. Masarakat Subang ngawengku sababaraha étnis nya éta Sunda, Jawa, jeung Cina. Sunda mangrupa masarakat mayoritas anu perenahna di daérah pagunungan nya éta di wilayah Kidul. Étnis Jawa aya tapi mangrupa masarakat keturunan Mataram anu cicingna di daérah Kalér. Étnis Cina disebut étnis minoritas lantaran ngan saukur aya disababaraha kecamatan.

3.1.2.2 Pakasaban

Ditilik tina pungsi lahan atawa cara ngamangpaatkeunana, lahan pikeun tatanén masih jadi komoditas utama dibandingkeun lahan anu teu dipaké tatanén. Ieu hal jadi bukti yén tatanén di Kabupatén Subang mangrupa kagiatan utama masarakatna, atawa disebut ogé daérah agraris. Pamaréntah geus ngarahkeun masarakat pikeun swasembada pangan, nepi ka Subang kaasup daérah agraris anu ngabogaan pungsi salaku *lumbung padi nasional*. Lian ti ngagarap sawah, poténsi séjénna nya éta *tanah perkebunan*. Perkebunan ieu geus aya ti jaman baheula utamana ti jaman pausahaan *Pamanoekan en Tjiasem Landen* nu dipiboga ku urang Walanda jeung Inggris. Éta *perkebunan* ngamangpaatkeun lahan pikeun melak entéh, karét, sisal, kina, sampeu, kapuk jeung coklat. Poténsi séjénna ogé anu jadi unggulan nya éta séktor *perikanan* di wilayah basisir Subang.

Poténsi pariwisata di Subang ogé jadi salasahiji primadona wisata di Jawa Barat boh objék wisata alam boh objék wisata budaya. Objék wisata alam dibagi dua nya éta objék wisata laut jeung objék wisata pagunungan. Objék wisata budayana gé kaitung beunghar nya éta kasenian Sisingaan, kasenian Gembyung, Toléat, Beluk jeung kasenian séjénna nu masih kénéh hirup dimasarakat . Lian ti beunghar ku kasenian, aya ogé objék wisata budaya nya éta kampung adat

Banceuy tempat diayakeunana acara ruwatan bumi (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 13).

Masyarakat Subang pakasabanana rupa-rupa, luyu jeung wilayah géografi tur topografina sewang-séwangan. Kabupatén Subang ngawengku tilu wilayah daérah nya éta pagunungan, *pedataran*, jeung basisir. Pakasaban masyarakat di wilayah pagunungan lolobana tatanén jeung *perkebunan*. Di daérah *pedataran* mah rupa-rupa aya supir, PNS, pagawé kantor, buruh, jeung jasa. Anapon pakasaban di daérah basisir lolobana jadi pamayang .

3.1.2.3 Pendidikan

Ditilik ti sisi atikan, dina taun 2002 kurang leuwih 12,17% warga Subang teu bisa maca, tingkatan rata-rata sakolana nepi ka 6,17 taun. Tina éta data némbongkeun yén kasadaran atikan di kabupatén Subang kaasup kana tingkat handap jeung loba kénéh masyarakat anu sakolana teu tamat SD-SD acan, nepi ka aya nu teu sakola pisan. Pangwangunan manusa di kabupatén Subang masih aya bangbaluh nya éta kurangna kasadaran masyarakat kana kasehatan hususna di désa-désa (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 16).

3.1.2.4 Agama jeung Kapercayaan

Ku ayana rupa-rupa étnis di kabupatén Subang, aya sababaraha agama nu hirup babarengan nya éta Islam jeung Kristen. Mayoritas masyarakat Subang ngagem agama Islam.

3.1.2.5 Basa

Di kabupatén Subang aya sababaraha étnis nu hirup kumbuh babarengan nya éta Sunda, Jawa, jeung Cina. Sanajan aya sababaraha étnis tapi basa nu dipaké sapopoé nya éta basa indungna sorangan. Urang Sunda maké basa Sunda, urang Jawa maké basa Jawa (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 14).

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2010: 172) nétélakeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék timana meunangkeun data. Lamun nu nalungtik maké kuésionér atawa wawancara dina ngumpulkeun datana, éta sumber data disebut réspodén. Réspodén nya éta jalma anu ngajawab patalékan-patalékan nu nalungtik, boh sacara tinulis boh sacara lisan. Lamun nu nalungtik maké téhnik obsérvasi, sumber datana bisa mangrupa barang, gerak, atawa prosés hiji hal. Lamun nu nalungtik maké dokuméntasi, éta dokumén atawa catetan anu jadi sumber data, eusina catetan subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan. Nurutkeun Sukmadinata (2012: 285), sarat nangtukeun sumber data nya éta benerna sumber anu dipaké boh lembaga boh manusa. Dina ieu panalungtikan anu jadi sumber data disebut informan. Tapi teu sakabéh jalma nu aya dina lembaga anu ditalungtik jadi informan, sabab anu ditalungtik ngan saukur *informan ekspert*. Anapon *Informan ekspert* nya éta jalma-jalma anu tanggung jawab, bener-bener nyaho, ngawasa, jeung kalibet dina kagiatan anu ditalungtik. Tina pedaran di luhur, anu jadi sumber data téh bisa mangrupa jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas (*paper*) atawa dokumén.


Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta data ti grup kasenian Émpér Paré “Toléatter” pingpinan Téh Siti jeung seniman Toléatna Asep Nurbudi, S.Sn. di RSS. Sidodadi Blok A No.76, RT 49 RW 15, Kelurahan Pasirkareumbi, Kecamatan Subang, Kabupatén Subang. Anapon cara meunangkeun datana nya éta ku téhnik obsérvasi, wawancara, sadap rékam, dokuméntasi foto jeung video, katerangan ti masarakat sabudeureun, sarta tina buku-buku sumber anu aya pakuat-pakaitna kana judul panalungtikan.

3.3 Desain Panalungtikan

TUJUAN PANALUNGTIKAN

Ngadéskripsikeun:

1. Tumuwuh jeung mekarna kasenian Toléat.
2. Unsur-unsur seni naon waé nu aya dina kasenian Toléat.
3. Kumaha prak-prakanana kasenian Toléat.
4. Ajén éstétika anu nyampak dina kasenian Toléat.
5. Luyu henteuna ajén éstétika kasenian toléat pikeun dipaké alternatif bahan pangajaran maca karangan bahasan di SMA kelas XII



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.4 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa runtuyan cara atawa kagiatan nalika panalungtikan anu didadasaran ku asumsi-asumsi dasar, sawangan-sawangan filosofis jeung idiologis, pertanyaan jeung isu-isu anu disanghareupan (Sukmadinata, 2012: 52). McMillan jeung Schumacher (dina Sukmadinata, 2012:53) ngabédakeun méthode panalungtikan jadi dua, nya éta panalungtikan kualitatif jeung panalungtikan kuantitatif. Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu tujuanna ngadéskripsikeun jeung nganalisis *fenomena*, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persepsi, pamikiran boh sacara individual boh sacara kelompok (Sukmadinata, 2012: 60). Panalungtikan kualitatif boga dua tujuan utama nya éta: nu kahiji ngagambarkeun jeung ngungkabkeun (*to describe and explore*); jeung nu kadua ngagambarkeun jeung ngécéskeun (*to describe and explain*). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode panalungtikan deskriptif. Méthode panalungtikan déskriptif nya éta méthode panalungtikan anu tujuanana pikeun ngagambarkeun *fenomena-fenomena* anu aya, boh *fenomena* anu sipatna alamiah boh rékayasa manusa, anu lumangsungna ayeuna atawa baheula (Sukmadinata 2012: 72).

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sajarah, prak-prakkan, unsur-unsur seni, ajén éstétika anu aya dina kasenian Toléat, jeung luyu henteuna ajén éstétika kasenian Toléat pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nulis ésséy di SMA kelas XII.

3.5 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Éstétika Kasenian Toléat Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Nulis Di SMA Kelas XII”. Dina ieu panalungtikan diperlukeun katerangan anu jéntré sangkan teu némbongkeun rupa-rupa tapsiran, ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan.

3.5.1 Ajén Éstétika

Ajen éstétika nya éta cabang élmu filsafat anu museur kana kaéndahan hiji hal. Luyu jeung pamadegan Sumardjo (2000: 33) yén éstétika téh nya éta filsafat ngeunaan kaéndahan anu aya di alam ogé rupa-rupa barang seni hasil jieunan manusa.

3.5.2 Kasenian Toléat

Kasenian Toléat nya éta kasenian anu tumuwuh jeung mekar di Pantura Kabupatén Subang. Mimitina mah Toléat téh mangrupa waditra tina empét-empétan anu jadi kaulinan tukang angon salaku kalangenan. Kadieunakeun ngalaman *inovasi* jadi olé-oléan anu dijieun tina palapah daun gedang jeung létahna tina daun kalapa. Kadieunakeun deui kacipta toléat tina congo awi, létahna tina kai berenuk. Toléat asalna tina kecap torotot olé-oléan.

3.5.3 Kabupatén Subang

Kabupatén Subang nya éta salasihiji kabupatén beulah kaléreun Bandung anu kaasup wengkuan Provinsi Jawa Barat tempat tumuwuh jeung mekarna Kasenian Toléat.

3.5.4 Bahan Pangajaran Nulis

Bahan pangajaran nya éta matéri anu kudu diteuleuman ku siswa salaku sarana pikeun ngahontal Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (Depdiknas, 2003). Nulis nya éta nurunkeun jeung ngagambarkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun hiji basa nu dipikapaham ku salasaurang, nepi ka nu séjén bisa maca lambang-lambang grafik éta lamun maranéhna maham bahasa séjén dina gambaran grafik éta (Tarigan dina skripsi Yeni, 2008: 10). Bahan pangajaran nulis nya éta matéri anu ditepikeun pikeun ngarojong kamampuh siswa dina ngahontal SKKD.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa *fasilitas* anu dipaké ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtikan sangkan leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolah. Anapon rupa-rupa instrumén panalungtikan nya éta angkét, céklis (*check list*), pedoman wawancara, jeung pedoman panalungtikan (Arikunto, 2010: 203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara, Alat rékam audio (*Handphone*), jeung alat rékam vidio nu mangrupa kaméra digital jeung kaméra DSLR (Digital Single-Lens Reflex).

3.6.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta rumusan pananya anu bakal ditanyakeun ka narasumber nalika prosés wawancara.

Tabel 3.1 Pedoman Wawancara

No.	Pananya
1.	<p>Data narasumber</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Wasta : b. Umur : c. Alamat : d. Jenis kelamin : e. Padumukan : f. Pakasaban : g. Kalungguhan : h. Atikan :
2.	<p>Data pananya</p> <ul style="list-style-type: none"> 1. Kumaha sajarah ayana kasenian Toléat di Kabupatèn Subang? 2. Naon waé pungsi kasenian toléat téh? 3. Unsur-unsur seni naon waé nyampak dina kasenian Toléat? 4. Naha aya ritual husus saacan prakna ieu kasenian?

	<ol style="list-style-type: none"> 5. Kumaha prak-prakanana kasenian Toléat? 6. Waditra naon waé anu dipaké dina kasenian toléat? 7. Kostum naon anu dipaké nalika minton? 8. Lagu-lagu naon waé anu sok dipintonkeun ku kasenian toléat? 9. Saha waé seniman toléat di kabupatén Subang? 10. Ajén éstétika naon waé nu nyampak dina kasenian Toléat?
--	---

3.6.2 Alat Rékam Audio

Alat rékam audio nya éta alat pikeun ngarékam audio, dina ieu panalungtikan alat anu dipaké nya éta *Handphone*. Hal ieu dilaksanakeun sangkan data anu dimeunangkeun leuwih akurat.

3.6.3 Alat Rékam Vidio

Alat rékam video nya éta alat pikeun ngarékam vidio (kaméra digital jeung kaméra DSLR), utamana kagiatan wawancara medar ngeunaan toléat. Hal ieu dilaksanakeun sangkan data nu dimeunangkeun akurat tur jadi dokuméntasi. Ku kituna diperlukeun rékaman sangkan hasil wawancara bisa ditranskripsi kana wangun tinulis.

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data asalana tina basa latin “Datum”, artina hiji simpunan “hiji hal” (angka) anu asalna tina hasil panalungtikan atawa *pengukuran* (Suyatna, 2002: 9). Nurutkeun Fathoni (2005: 104), Data nya éta informasi anu dimeunangkeun ngaliwatan pengukuran-pengukuran anu tangtu, pikeun dijadikeun landasan dina nyusun arguméntasi logis jadi fakta. Sedengkeun fakta nya éta kanyataan anu geus diuji bebeneranana sacara émpiris, diantaranya ngaliwatan analisis data.

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, obsérvasi, wawancara, sadap rékam jeung studi dokuméntasi.

3.7.1 Studi Pustaka

Studi pustaka dipaké pikeun meunangkeun rupa-rupa tiori anu dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan (Suyatna, 2002: 19). Lian ti éta pakait jeung kajian tioritis, studi pustaka patali jeung ajén, budaya, norma anu mekar di situasi sosial anu ditalungtik. Studi pustaka ieu dipaké pikeun nalaah sumber-sumber dina wangun tinulis.

3.7.2 Obsérvasi

Obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara nalungtik anu dibarengan ku nuliskeun kaayaan atawa paripolah objék sasaran. Jalma anu ngaobsérvasi disebut *observer* jeung anu diobsérvasi disebut *observee*.

Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina ngalaksanakeun obsérvasi :

- 1) Diarahkeun kana tujuan anu tangtu, lain *spekulatif*, tapi sistematis jeung direncanakeun;
- 2) Nyieun catetan tong nepi ka ngandelkeun daya inget;
- 3) Diusahakaeun catetanana sacara kuantitatif; jeung
- 4) Hasilna kudu bisa dipariksa deui pikeun diuji bebeneranana.

Téhnik obsérvasi dipaké pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan kasenian toléat. Gambaran nu dipiharep lian ti kasenianana ogé ngeunaan gambaran sosial masarakatna.

3.7.3 Wawancara

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab sacara lisan anu lumangsungna saarah, maksudna patalékan ti pihak anu ngawawancara jeung jawaban ti pihak anu diwawancara (Fathoni, 2005: 105).

Interviewe dibagi dua nya éta réspodén jeung informan. Réspodén nya éta sumber data primer, data ngeunaan dirina sorangan salaku objék sasaran panalungtikan, sedengkeun informan nya éta sumber data sékundér, data ngeunaan pihak séjénna, ngeunaan réspodén. Kusabab éta, informan sakuduna dipilih ti jalma anu mikanyaho atawa mikawanoh kaayaan réspodén. Data ti

informan ieu bisa mangrupa subjék panalungtikan atawa hal-hal anu ngarojong kana panalungtikan.

3.7.4 Sadap Rékam

Sadap rékam mangrupa téhnik dokumentasi vidio anu maké alat rékam (kaméra digital jeung kaméra DSLR) jeung dokuméntasi audio maké alat rékam *Handphone*. Hal ieu dilaksanakeun sangkan data nu dimeunangkeun akurat tur jadi dokuméntasi. Ku kituna diperlukeun rékaman sangkan hasil wawancara bisa ditranskripsi kana wangun tinulis.

3.7.5 Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngulik jeung nganalisis dokumén-dokumén nu mangrupa dokumén tinulis, gambar jeung éléktronik. Studi dokuméntasi ieu diperlukeun pikeun meunangkeun data dina wangun arsip, gambar, vidio jeung data séjénna anu dianggap perlu pikeun ngarojong ieu panalungtikan.

3.8 Téhnik Nganalisis Data

Sabada data kakumpul tina hasil ngumpulkeun data, data kudu buru-buru digarap ku nu nalungtik. Dina tahapan analisis data atawa ngolah data mangrupa léngkah katalitian dina ngalaksanakeunnana. Nu nalungtik dipiharep bisa objéktif kana data anu geus dikumpulkeunna, teu ngamanipulasi data pikeun tujuan-tujuan anu tangtu (Suyatna, 2002: 25). Nurutkeun Arikunto (2010: 278), sacara umum analisis data ngawengku tilu léngkah nya éta 1). Tatahar; 2). Tabulasi; jeung 3) Dipakéna data luyu jeung pamarekan panalungtikan.

3.8.1 Tatahar

Nu kaasup kana kagiatan tatahar nya éta:

- 1) Mariksa ngaran jeung kalengkepan idéntitas narasumber. Hal ieu patali jeung validitas data.

- 2) Mariksa kalengkepan data, maksudna mariksa eusi intsrumén ngumpulkeun data sangkan nalika aya kakurangan bisa buru-buru dilengkepan.
- 3) Mariksa rupa-rupa eusi data bisi aya data anu teu luyu jeung nu dipiharep ku nu nalungtik.

3.8.2 Tabulasi

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih nalika panalungtikan. Satulunya data diolah dumasar gundukanna. Kegiatan dina tabulasi di antarana nyaéta:

- 1) Ngumpulkeun sakabéh data anu kapanggih hasil studi pustaka, wawancara, observasi, sadap rékam jeung studi dokuméntasi;
- 2) Masing-masingkeun data kana dua gundukan. Nu kahiji gundukan data primer nyaéta anu patalina langsung jeung subjek panalungtikan saperti sadap rékam, wawancara jeung studi dokuméntasi. Nu kadua gundukan data sekunder nyaéta gundukan data pangrojong liana nu kapanggih nalika panalungtikan;
- 3) Ngarobah data, diluyukeun atawa dimodifikasi maké téhnik analisis anu rék dipaké; jeung
- 4) Nyieun pengkodean data ka sakabéh variabel ngarah data leuwih gampang diolah jeung hasilna leuwih alus.

3.8.3 Dipakéna Data Luyu jeung Pamarekan Panalungtikan.

Data-data anu geus ditabulasi satulunya diolah dumasar kana pamarekan éstétika. Nu dipaluruh nya éta ngeunaan 1) tumuwuh jeung mekarna kasenian Toléat; 2) unsur-unsur seni naon waé nu aya dina kasenian toléat, waditra pangrojong, kostum, lagu-laguna, jrrd; 3) prak-prakan kasenian toléat; 4) satulunya dipedar ajén éstétika anu nyampak dina kasenian toléat; jeung 5) nyieun bahan pangajaran anu mangrupa vidio kasenian toléat.